

IJANS RADYASYON YO

Malgre se ou bagay ki ra, ijans radyasyon yo posib. Akoz laperèz ak panik toupatou kalite dezaz sa yo kapab koze, li enpòtan pou piblik la enfòmèl sou potansyèl yo anvan yo rive. Gen mezi ke ou ka pran pou ou pwoteje pwòp tèt pa ou pandan yon ijans ki asosye ak radyasyon. Depatman Sante ak Biwo pou Preparasyon ak Entèvansyon nan Maryland lan ofri enfòmasyon sa a sou diferan kalite radyasyon yon fason pou Marylandè yo ka prepare yo.

BONM SAL OSWA DISPOZITIF RADYOLOJIK KI GAYE MATERYÈL (RDD)

Yon dispozitif k ap gaye patkil radyolojik [radiological dispersal device (RDD)] se yon dispozitif oubyen yon mekanism k ap simaye kontaminasyon radyoaktif. Lè yo itilize yon eksplozif pou pwopaje poud oubyen tigrenn radioaktif, eksplozif konsa, yo rele li *bonm sal*. Yon *bonm sal* pa menm bagay ak yon zàm nikleyè — li pa pwodui fòs ekstraòdinè e destwiktif yon bonm nikleyè ta lache.

Pi gwo danje ki genyen nan yon bonm sal se nan eklatman li, ki kapab koze anpil moun blese epi andomaje anpil byen materyèl. Pa gen **anpil pwobablite** pou materyèl radyoaktif sa yo itilize nan yon bonm sal oubyen RDD ta koze imedyatman maladi seryez ki ta asosye a ekzpozisyon a radyasyon, amwenske moun yo ta ekstrèmman pwòch kote eksplozyon an fèt lan. Sepandan, tout viktim sa pousyè radyoaktif yo kontamine, tout viktim ki respire oubyen vale pousyè sa yo, risk pou yo tonbe malad ap ogmante.

APARYÈ NIKLEYÈ ENPWOVIZE (IND) OSWA ZAM NIKLEYÈ

Yon dispozitif nikleyè enpwovize (IND) se yon zàm eksplozif nikleyè. Byenke IND yo pa gen menm fòs frap ak zàm nikleyè nan tan lagè fwad yo, yo kapab blese moun lakòz destriksyon trè grav. Yon eksplozyon nikleyè enplike yon gwo eklatman k ap pwodui yon vag entans ak chalè, limyè, lè, ak radyasyon. Nenpòt bagay imedyatman ki tou pre eksplozyon an, ki enkli bilding, wout ak machin, ap detwi. Kòm rezilta pousyè radyoaktif ak debri nan nwaj la, ke yo konnen kòm bagay ki retonbe, kapab vwayaje nan yon long distans anvan yo rive tonbe atè a, donk yo k ap ekspoze moun yo ak nivo radyasyon wo.

AKSIDAN ENDISTRYÈL

Ensidan endistryèl kote materyèl radyolojik la enplike a kapab se yon aksidan oswa yon entansyon. Li kapab rive akòz yo te lage materyèl radyoaktif yo te itilize pou rezon komèsyal, endistryèl oswa medikal ki soti nan dwoum ou manmit ki te pwoteje li a. Risk yo nan radyasyon sa a ba pou moun ki pa imedyatman prè aksidan an.

ENSIDAN OSWA AKSIDAN NAN IZIN NIKLEYÈ ELEKTRIK

Izin nikleyè elektrik gen pwoteksyon sou plas ki pou anpeche dispèsyon radyasyon an. Sepandan, yon ensidan grav ka pèmèt kèk radyasyon chape, li pwobab ke li vinn kòm yon panach ak vapè yon van pote. Risk pou rezidan yo ta ka depann de gwozè panach la, direksyon ak vitès van an. Pati nan Maryland yo sitiye nan yon reyon 10-mil otou de (2) izin nikleyè elektrik: Izin Nikleyè Elektrik Calvert Cliffs nan Konte Calvert ak Estasyon Fòs Atomik Peach Bottom nan sid Pennsylvania. Yo konnen kote sa yo kòm zòn ki ekspoze ak panach epi ki kapab afekte si yo lage yon panach nan radyasyon pandan yon aksidan oswa yon atak. Anplis sa, gen divès pati nan eta ki a mwens ke 50 mil otou lòt izin nan Pennsylvania, New Jersey ak Virginia. Kote sa yo, nou konnen kòm zòn sou wout injesyon: yo ta ka afekte nan nan kontaminasyon manje oswa dlo nan ijans ki asosye ak radyasyon.

- PIPLIS-



MARYLAND
Department of Health

Office of Preparedness and Response

Updated 11/2017

DISPOZITIF EKSPOZISYON RADYOLOJIK [RADIOLOGICAL EXPOSURE DEVICE (RED)]

Yon RED, ke nou rele tou “sous kache sele,” se yon menas teworis avèk entansyon pou ekspoze moun yo ak dòz radyasyon siyifikatif san moun sa yo pa konnen. Yon RED yo fabrike apatide yon materyèl radyoaktif ki pa pwoteje, kapab kache nan yon plas piblik kote moun pa wè li, konsa li ka ekspoze moun ki chita oswa k ap pase tou prè an a yon nivo radyasyon ki potansyèlman danjere. Si kontni radyo-aktif yo degaje sòti nan dwoum ou manmit ki genyen yo an, dispozitif sa a ka kapab koze kontaminasyon radyolojik.

KI EFÈ RADYASYON FÈ SOU SANTE?

Efè dirèk sou sante apre ekspozisyon a radyasyon depann de kalite radyasyon ki genyen, kantite tan ekspozisyon an ak pwoteksyon materyèl ki alantou yo ofri. Efè sou tèm kout yo anjeneral kòmanse apati de ekspozisyon yo pou ale nan nivo radyasyon ki wo yo. Sèvo, po, trip ak sistèm sikilasyon san ka afekte. Efè sou sante alontèm nan ka radyasyon gen ladan yon risk ki ogmante kansè. Nenpòt ijans, tankou sa ki asosye ak enplikasyon radyasyon, ka lakòz detrès emosyonèl ak psikolojik. Plis moun ap fè plis eksperyans ak efè sante mantal pase efè fizik pandan yon ijans nan radyasyon.

KI MEZI MWEN DWE PRAN POU M PWOTEJE TÈT MWEN, FANMI MWEN, ZANMI AK ZANNIMO MWEN YO, SI NOU NAN VWAZINAJ IMEDYAT EKSPLOZYON YON BONM SAL?

Paske pa gen moun ki kapab wè, pran sant, touché oubyen goute radyasyon, ou dwe imedyatman pran tout mezi pou ou pwoteje tèt ou ak tout moun ou renmen yo. Mezi sa ki pi enpòtan ou ka pran se:

- **Swiv tout direksyon, konsèy ak rekòmandasyon tout otorite lokal ak leta yo ap bay.**
- **Rete ansanm epi di otorite yo ki kote ou ye, bay yo non ou ak non tout fanmi ak zanmi ki akonpaye w. An plis sa, enfòmè otorite yo sou tout blesi ak lòt pwoblèm sante ou ap konstate.**
- **Diminye osi rapid ke posib kantite tan kote ou ekspoze a pousyè oubyen materyèl radyoaktif yo, oubyen kote yo kontamine.**
- **Chècheabri ki pa gen danje pou pwoteje tèt ou, pou ou pa ekspoze a radyasyon yo:**
 - Si ou anndan yon kay, rete la osi lontan kay sa a pa andomaje.
 - Si ou deyò, chèche yon kay ki pa gen danje pou ou abrite ou. Evite antre nan kay ki andomaje.
 - Si ou deyò, chèche yon bilding ki san danje pou pran refij. Evite bilding ki domaje yo.
 - Abrite ou anndan yon bilding osi lwen anba tè ke posib.
 - Nan ka kote ki ta genyen yon IND, ou ka genyen pou pran refij nan yon peryòd de 12 a 18 èdtan yo.
 - Fèmen tout pòt ak tout fenèt.
 - Fèmen tout sistèm vantilasyon, sistèm chofaj, è kondisyone, paske van sa yo ka pòte pousyè anndan kay lan.
 - Pa sòti kite kay ki pa gen danje an osi lontan otorite ki kalifye yo pa di ou kapab sòti.
 - Si ou ap viv nan reyon 10-mil otou yon santral elektrik epi ou tande yon sirèn ijans, limen radyo a oswa televizyon an pou enstriksyon yo konsènan kisa ou dwe fè. Ofisyèl yo ka rekòmande ke ou pran refij kote ou ye (rete andedan) oswa evakye, ale lòt kote, tou depann de sitiasyon an.

- PIPLIS-



MARYLAND
Department of Health

Office of Preparedness and Response

Updated 11/2017

IJANS RADYASYON YO


- **Diminye kontaminasyon radyo-aktif.**

- Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon moso twal pou evite respire ak vale pousyè radyo-aktif la jiskaske ou rive nan yon kote an sekirite ki lwen pousyè tè radyoaktif la epi ou jete rad ki te kontamine yo.
- Jete nenpòt rad sou ou ki te ka kontamine ak materyèl radyoaktif epi mete rad yo nan yon sache plastik, si sa disponib. Sere rad ki kontamine lwen pou moun pa an kontak ak yo.
- Apre ou fin jete rad ki te sou ou yo, ale nan yon zòn ki san danje andedan yon bilding ki anba sifas tè an.
- Premye opòtinite ou genyen, lave pati po ou ki te ekspozé yo oswa benyen anba douch pou ka diminye kontaminasyon ki te tonbe sou po kò ou.
- Evite manje ak bwè nenpòt manje manje oswa bwè likid ke pousyè tè radyoaktif te kapab kontamine. Ou k ap manje manje oswa bwè dlo ki byen fèmèn nan resipyan yon fwa andeyò sifas yo netwaye pou retire tout kontaminasyon.

ESKE MWEN TA DWE PRAN YODE POTASYÒM?

Yodid potasyòm la, ke yo rele tou KI, sèlman pwoteje glann tiwoyid yon moun apatide lè li ekspozé ak yòd radyo-aktif la. KI pa pral pwoteje yon moun kont lòt kalite materyèl radyo-aktif oswa pwoteje lòt pati nan kò a. Moun pa ta dwe pran KI sof si otorite yo di yo ka pran l. Lè ou ap pran KI ou ka pa jwenn yon benefis, tou depann ki ijans radyasyon ou genyen. KI kapab egalman danjere pou kèk moun pran.

PLIS ENFÒMASYON

 preparedness.health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandOPR

 twitter.com/MarylandOPR

 health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandDHMH

 twitter.com/MDHealthDept



MARYLAND
Department of Health

Office of Preparedness and Response

Updated 11/2017